


# BASLAWÍSH KLASLARDA WATANSÚYIWSHILIK SEZIMIN QÁLIPLESTIRIWDIǸ METODIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Joldasbaeva Shaxsanem Muratbay qızı**
Ájiniyaz atındağı NMPI Baslawısh tálim qánigeligi
2-basqısh magistrantı
Nókis, Qaraqalpaqstan
https://doi.org/10.5281/zenodo.8049456

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 12-June 2023 yil
Ma'qullandi: 15-June 2023 yil
Nashr qilindi: 17-June 2023 yil
**KEY WORDS**
*Watan, tárbiya, bilim, metod, úrp-ádet, qádiriyat.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada búgingi kúndegi eń áhmiyetli máselelerden biri bolǵan watansúyiwshilikke tárbiyalaw hám onıń usılları, metodikası haqqında aytılǵan. Jas áwlad, sonıń menen bir qatarda baslawısh klass oqıwshıların watansúyiwshilikke úyretiwdegi mashqalalar hám olardıń aldın alıw boyınsha bir qansha jumıslar haqqında keltirilgen.*

Búgingi kúnde Ózbekstan Respublikasında tálim-tárbiya sistemasında úlken reformalar alıp barılmaqta. Sonıń menen birge, tálim-tárbiya processi ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlardıń tiykarında shólkemlestirilip atır. Xalıqtıń jas áwlad tárbiyası haqqındaǵı tárbiya úlgileri tiykarında tálim hám tárbiya jumısların milliy qádiriyatlarımızǵa súyenip alıp barıw bas maqset etip qoyıldı. Bunı ámelge asırıwdıń negizlerinen biri baslawısh klass "Oqıw" sabaqlıǵı arqalı oqıwshılarda ana-Watan haqqındaǵı qosıqlardı oqıtıw arqalı watansúyiwshilik sezimlerin qáliplestiriw bolıp esaplanadı. Sol sebepli mámleketimizdiń sociallıq, ekonomikalıq, ruwxıy-aǵartıwshılıq ómirinde jańalanıwlar hám ózgerisler ámelge asırılıp atırǵan shárayatta, ǵárezsizligimizdi saqlaw ushın xızmet etetuǵın milliy miyras hám qádiriyatlardı húrmet etetuǵın bárkamal, jetik áwladtı tárbiyalaw zárúr wazıypalardan biri bolıp esaplanadı.

Dúnyada ósip kiyatırǵan jas áwladtı tárbiyalawda xalıqtıń milliy dástúrleri, úrp-ádetleri hám qádiriyatları, sonıń menen birge bilimlendiriw sistemasına baylanıslı usıllardı islep shıǵıw hám olardı keń ámeliyatqa en jaydırıw arqalı watandı súyetuǵın jaslardı tárbiyalaw joqarǵı wazıypaǵa aylandı. Prezidentimiz Sh. Mirziyoyev Ózbekstan Respublikasınıń Ǵarezsizligine 30 jıl tolıwı múnásibeti menen shólkemlestirilgen saltanatlı keshede óz shıǵıwında bılay degen edi: "Watanımızdıń ǵarezsizligi - biz ushın kúsh-qúdiret hám ilxam deregi, rawajlanıw hám tınıshlıqtıń tiykarı" – dep aytqan edi.Ózbekstanda bilimlendiriwdiń sapasın jáne de jetilistiriw hámde tárbiyalıq islerdi ámelge asırıw boyınsha qatar nızamlar hám qararlar tastıyıqlandı. 2020-jıl 6-noyabr PQ-6108-san Ózbekstannıń jańa rawajlanıw dáwirinde tálim-tárbiya hám ilim tarawların rawajlandırıw ilajları haqqında hám bilimlendiriw haqqındaǵı 23-sentyabr 2020-jıl islep shıǵılıp, [1] ol jaǵdayda Respublikamızda bilimlendiriw sistemasın reformalaw atap aytqanda ulıwma bilim beriw mektepleri baslawısh klass oqıwshılarınıń bilim alıw dárejesin, ruwxıylıǵın-mádeniyatın rawajlandırıw haqqında pikirler bayanlanǵan.

Watan – insannıń súyenishi, maqtanıshı, ana sıyaqlı panası. Sonlıqtan da biz onı anaǵa teńep Ana – Watan dep aytamız, ol bizge ana kibi áziz hám muqaddes.

Watan insannıń ásirler boyı qásterlegen túsinigi. Ol óz ul – qızların álpeshlep ósiredi, kamalǵa keltiredi, ruwxıy jaqtan qáliplestiredi. Álbette dúnya keń, dúnyada mámleket kóp, biraq bul álemde qaytalanbas Ózbekstanımız tek jalǵız ǵana - dep Prezidentimiz aytqanınday óz Watanın qádirlep qásterley biliw, oǵan sadıq bolıw hár bir insannıń insanıylıq wazıypası bolıp esaplanadı.

**Watansúyiwshilik- (**grek tilinen alınıp πατριτώης – “watanlas”, πατρις – “Watan”) – siyasiy princip hám sociallıq sezim, onıń mazmunı Watanǵa muxabbat, sadıqlıq, onıń keshegi, búgingi hám erteńgi kúni menen maqtanıw, Watandı qorǵaw ushın hár dayım hár nársege tayar turıw bolıp esaplanadı.

Sózliklerde, enciklopediyalarda watansúyiwshilik – óz watanına bolǵan miyrimdi, muxabattı, hadallıqtı, oǵan xızmet etiwdi, Watandı ishki hám sırtqı dushpanlardan qorǵawǵa tayar ekenligin bildiredi.

Watansúyiwshilik sezimi insannıń óz watanına bolǵan muxabbatın, onı qorǵawǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın ańlatatug’in túsinik bolıp tabıladı. Jaslarımızdı watansu’yiwshilik ruwxında tárbiyalaw bolsa hesh qashan óz áhmiyetin joǵaltpaydı. Bul princip arnawlı bir zamang’a, arnawlı bir watanlas insanlarǵa bolǵan muxabbatqa tiykarlanǵan, sonday-aq minez-qulqlar jıyındısınan ibarat kompleks bolıp tabıladı. Watansu’yiwshilik anıq ortalıqta ruwxıy qádiriyatlar tiykarında qáliplesedi. Shaxs watansúyiwshilik sezimin jaratpaydı, onı tayar halında qabıl etedi. Sebebi watansúyiwshilik sezimi uzaq tariyxıy rawajlanıw processinde qáliplesetuǵın sezim bolıp tabıladı.

Watansu’yiwshilik sezimini ata-babalardan miyras bolıp qalǵan jerdi súyiw, úrp-ádetlerdi, qádiriyatlardı saqlaw, watannıń gúlleniwi ushın shın júrekten miynet etip, watandı dushpanlardan qorǵaw, hár qanday ǵárezlilikten azat etiw, hátte zárúr bolsa, ǵárezsizligi ushın janın da ayamawshılıq sıyaqlı iygilikli ideyalar bolıp esaplanadı. [3]

Oqıwshı jaslardı watansúyiwshilikke tárbiyalawdı shańaraqtan jańadan baslaw kerek. Sebebi shańaraq jámiyettiń bir buwını bolıp, jámiyetke kerekli kadrlardı shańaraq jetkerip beredi. Shańaraqta bala ósip, kamalǵa keledi. Mine, sol er jetiw dáwirinde shańaraq mektebiniń ornı júdá úlken. Shańaraqqa, ata-anaǵa, jaqınlarǵa bolǵan muxabbat hám húrmet keyinirek bir pútinlik retinde Watan sózinde sáwlelenedi. Adamgershilik, watansu’yiwshilik sıyaqlı pazıyletler jaslardın’ ruwxıy rawajlanıwına say jasaydı. Shańaraqta balalarımızǵa ertekler aytıp atırǵanımızda da milliy erteklerden, ańızlardan, ráwiyatlardan paydalanıp, ondaǵı qaxarmanlardıń

mártlik, batırlıq, óz watanın hesh nársege almastırmaw kerekligin babalarımız ruwxıy miyraslarınan paydalanǵan halda baylanıslı tu’rde alıp barıwımız kerek boladı. Jas áwladtı Watansúyiwshilikke tárbiyalawda ańızlardan keń túrde paydalanıladı. Xalıq qaxarmanlıq dástanlardan “Shıraq”, “Tumaris”, “Alpamıs”lardıń mártlikleri milliy dástúrlerimizdiń, qádiriyatlarımızdıń ásirler dawamında bizge jetip kelgen úrp-ádetlerimizdin’ saqlanıp keliwi hám dawamlı bolıwının’ tiykarı bolıp xızmet etedi. Olar Orta Aziya xalıqlarınıń áyyemgi áwladları bolıp, olardıń erki hám azatlıǵı ushın alıp barǵan gúreslerin sáwlelendiretuǵın shıǵarma sıpatında úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye bolıp tabıladı.

**Watansúyiwshilik** – bul watan hám millet aldındaǵı juwapkershilik, joqarı minnetti ańlap jetiw bolıp tabıladı. Eger uzaq tariyxımızǵa názer taslaytuǵın bolsaq, watansúyiwshilik

sezimi xalqımız tárepinen áyyemnen izzetlenip, húrmetlenip kiyatırǵanınıń gúwası bolamız. Babalarımız arasınan jetisip shıqqan ataqlı insanlardıń minez-qulqları, watan gúlleniwi jolında kórgen qıyınshılıqları, bizge deyin jetip kelgen dóretpeleri hám tariyxıy maǵlıwmatlar arqalı bilip alıwımız múmkin.

Watansúyiwshilik tárbiya milliy ózlikti ańlaw, insanıylıq, ádep-ikramlılıq, miynet, aqıl tárbiyası A.Tájimuratov, J.Bazarbaev, A.Alimov, T.Saparbaev, I.Allaniyazov, R.Torejanova, P.Ábdimuratov, U.Seytjanova, G.Jumasheva, Z.Kurbaniyazova, A.Bekimbetova, S.Saytbekova, S.Romanova, G.Bekimbetova, A.Erejepov hám basqa alımlar tárepinen izertlengen. Áyyemgi zaman oyshılı belgili sheshen Ciceron "Súyispenshilik haqqında barlıq túsiniklerimiz "Watan" degen bir ǵana sózge birikken". Bilimli xalıqlardıń haqıyqıy qaxarmanlıǵı Watan jolında jábirleniwge de tayar ekenliklerinde "sawlelenedi – dese, ullı shayır Shiller "Watannan súykimli hesh nárse bolıwı múmkin emes" – dep keltiredi, al belgili Venger shayırı Sh.Betefiy: "Ómir men ushın bárinen qımbat, muxabbat ómirden de qımbat, biraq elimniń erkinligi háazatlıǵı ushın kerek bolsa ekewin de qurban etiwge tayarman" – dep aytqan. [2] V.G.Belinskiy - insan hámmeden burin óz mámleketiniń perzenti, watan máplerin kewiline sińdirgen adam bolıp tabıladı. Kim bolıwına qaramastan, onıń watansúyiwshiligi sózi menen emes, bálki, onıń jumısı menen tastıyıqlanadı. Watan aldındaǵı minnet insan ushın muqaddes bolıp tabıladı – dep pikir bildirgen. V.A.Suxomlinskiy - Watanǵa paydasız ótken hár bir kún, insannıń ómirindegi mazmunsız ótken kúnge teń. Jaqın-jaqınlarda da watansúyiwshilik - watan haqqındaǵı barlıq jaqsı zatlardı maqtanıwdan ibarat boladı, watansúyiwshi insan bolıw ushın endi bul zatlar jetkilikli emes, barlıq jaqsı zatlardı maqtanıwǵa ele bizdegi unamsız qásiyetlerdi áshkaralawda qosılǵan – degen pikirlerdi bildirgen.

Baslawısh klasta Watan temasına boyınsha sabaq ótilgen waqıtta tekst yamasa qosıqlardı oqıtıw barısında túrli metodlardan paydalanǵan halda sabaq ótilse oqıwshılardıń temanı ózlestiriwi jaqsı boladı hám unamlı nátiyje beredi.

**Túsinikler analizi oyını:**

Oqıtıwshı tárepinen berilgen tapsırmalarǵa óz betinshe óz túsiniklerin beriw, sol arqalı bilimlerin tekserip bahalawǵa imkaniyat jaratıw, qısqa waqıt ishinde barlıq oqıwshılardı bahalay alıwǵa, awızeki hám jazba sawatlılıǵın jetilistirip barıwǵa baǵdarlanǵan.

Maqseti: oqıwshılardı ótilgen temalardı úyrengenlik dárejesin, tema boyınsha tayanısh túsiniklerdi ózlestiriw dárejesin anıqlaw, óz bilimlerin erkin bayan ete alıwı, jeke hám toparlarda isley alıwı, qatarlarınıń pikirlerine húrmet penen qaraw, sonday-aq, óz bilimlerin bir sistemaǵa keltiriwge úyretdi.

Qollanılıwı: Sabaq barısınıń barlıq (Sabaq baslanıw, sabaq aqırı, qálegen bir bólimdi juwmaqlaǵanda) bólimlerinde ótilgen temanıń ózlestirilgenlik dárejesin bahalaw, tákirarlaw, bekkemlew, yaki aralıq, juwmaqlaw baqlaw ótkeriw, taza temanı baslawdan aldın oqıwshılardıń bilimlerin tekserip alıw ushın arnalǵan. Bul usıldı jeke túrde, kishi toparlarda, jámáát bolıp hám úyge tapsırma beriwde de paydalansa boladı.

Ótkeriw tártibi: oqıwshılar toparlarǵa bólinedi. Oqıwshılar shınıǵıwdı ótkeriwge qoyılǵan talap hám qaǵıydalar menen tanıstırıladı.

Berilgen túsiniklerdiń qasına óz bilgen juwapların jazadı. Birinshi jeke túrde, keyin eger de toparda bolsa, birgelikte orınlaydı.

**"Karusel" metodı:**

Oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların, sonıń menen birfe ózin-ózi bahalawǵa

baǵdarlanǵan metodlar toparına kiredi. Jeke túrde, juplıqta hám kishi toparlarda birgelikte orınlawı múmkin.

Bunnan maqset: oqıwshılardı ótilgen temanı úyrengenlik dárejesin, tema boyınsha tayanısh túsiniklerdi ózletiriw dárejesin anıqlaw, óz bilimlerin erkin bayan ete alıwı, sonday-aq óziniń bilimlerin bir sistemaǵa keltiriwge úyretedi.

Qollanılıwı:

Sabaq barısınıń barlıq qálegen bir bólimdi juwmaqlaǵanda, ótilgen temanı temanıń ózlestirilgenlik dárejesin bahalaw, tákirarlaw, juwmaqlaw, baqlaw ótkeriw ushın arnalǵan. Waqıt beriledi. Oylanıp, izlenip jazıwı ushın.

Hárbir topar ushın 3 minuttan = 12 minut.

Qatnasıwshılar belgilengen waqıttan keyin kim qansha yaki qanday sózlerdi jazǵanı oqıladı. Oqıwshılardıń pikirleri bildiriledi. [4];

## Paydalanilǵan ádebiyatlar:

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020-yil 6-noyabrdagi “O‘zbekistonning yangi taraqqiyot davrida ta’lim-tarbiya va ilm-fan sohalarini rivojlantirish chora-tadbirlari to’g’risida”gi PF-6108-son qarori .
2. Bazarbaev. J. “Ruwxıylıq tiykarları” Nókis; “ Qaraqalpaqstan” baspası, 2009.
3. Ibragimov. A, Sultanov. X, Juraev. N “Vatan tuyg’usi”. Toshkent. “O’zbekiston” 1996.
4. Salieva. P. “Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarında interaktiv metodlar”. “Qaraqalpaqstan”. Nókis- 2022

INNOVATIVE ACADEMY